

Sant Rekiperasyon Dezas Louvri nan Konte Hardee

Release Date: Novanm 4, 2024

TALLAHASSEE, Fla. FEMA te ouvri yon sant rekiperasyon pou katastwòf nan konte Hardee pou bay asistans individyèl a moun nan Florid ki afekte nan siklòn Milton. Sant lan kapab sèvi tou pou sivivan Siklòn Helene oswa Siklòn Debby.

Sivivan yo pa bezwen ale nan yon sant pou aplike pou èd. Nou ankouraje sivivan yo pou yo aplike sou Entènèt nan DisasterAssistance.gov oswa lè yo telechaje [Aplikasyon FEMA](#). FEMA pa distribye lajan kach nan sant rekiperasyon pou katastwòf yo.

Adrès sant lan:

Hardee County

Pioneer Park
231 Wilbur C. King Blvd.
Zolfo Springs, FL 33890
Orè: 9 a.m.–6 p.m. Lendi-Dimanach.

Pou jwenn lòt sant, vizite fema.gov/drc oswa voye tèks “DRC” epi yon kòd postal nan 43362. Tout sant yo aksesib pou moun ki gen andikap oswa ki gen pwoblem aksè ak pwoblem fonksyonèl e yo ekipe ak teknoloji asistans.

Nou ankouraje pwopriyetè kay ak lokatè pou aplike sou Entènèt nan DisasterAssistance.gov oswa lè yo telechaje [Aplikasyon FEMA](#). Ou ka aplike tou pa telefòn nan 800-621-3362. Si w chwazi aplike pa telefòn, tanpri sonje tan datant yo ka pi long akòz ogmantasyon nan dezaz ki sot pase yo. Liy yo louvri chak jou epi èd disponib nan pifò lang. Si w itilize yon sèvis relè, telefòn ki gen soutit loswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a. Pou w ka gade yon videyo aksesib sou kijan pou w aplike pou asistans ale nan [FEMA Aksesib: Aplike pou Asistans Endividyèl - YouTube](#).



FEMA

Page 1 of 2

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Siklòn Milton, vizite fema.gov/disaster/4834. Pou jwenn enfòmasyon sou rekiperasyon apre Siklòn Helene, vizite fema.gov/disaster/4828. Pou jwenn enfòmasyon sou rekiperasyon fema.gov/disaster/4806. Swiv FEMA sou X nan x.com/femaregion4 oswa sou Facebook nan facebook.com/fema.

###

Misyon FEMA se ede moun anvan, pandan ak apre katastwòf yo.

FEMA pran angajman pou l asire asistans pou katastwòf yo akonpli ekitab, san diskriminasyon

pou rezon ras, koulè, nasyonalite, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, laj, andikap, konpetans angle, oswa sityasyon ekonomik.

Nenpòt moun ki sivivan katastwòf oswa manm piblik la ka kontakte Biwo Dwa Sivil FEMA a si yo santi yo gen yon plent pou diskriminasyon.

Ou ka kontakte Biwo Dwa Sivil FEMA a nan FEMA-OCR@fema.dhs.gov oswa gratis nan 833-285-7448.



FEMA

Page 2 of 2